



Pou Biblikasyon Imedya: 10/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AJANDA POU FOUNI EDIKASYON BON JAN  
KALITE AK RETIRE PÈT APRANTISAJ AKÒZ PANDEMI AN**

*Finanse totalman Foundation Aid an nan nivo istorik sipò finansye, investi nan  
elèv yo plis pase nenpòt lòt eta*

*Elaji klas pre-kindègadenn piblik tout jounen pou yon lòt 17,500 timoun ki gen 4  
ane*

*Etabli pwogram leson patikilye ki gen gwo enpak nan tout Eta a pou abòde pèt  
aprantisaj akòz pandemi an*

*Pèmèt elèv yo touche kredi inivèsité nan lekòl segondè pou diminye dèt etidyan  
yo epi prepare pou yon karyè*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon ajanda konplè pou bay chak timoun nan New York zouti pou yo reyisi atravè yon edikasyon bon jan kalite kòm yon pati nan ajanda Eta sou Leta 2023 a. Pou premye fwa depi kreyasyon li, Gouvènè Hochul ap finanse totalman Foundation Aid—yon reyalizasyon san parèy—pou tout distri lekòl atravè Eta a. Foundation Aid pran bezwen inik distri yo an konsiderasyon lè l ap fè alokasyon finansman pou adrese inegalite yo epi asire lekòl ki nan bezwen yo resevwa finansman yo merite. Anplis de sa, administrasyon an ap investi 125 milyon dola pou elaji klas pre-kindègadenn ki gen bon jan kalite, tout jounen epi dedye 250 milyon dola pou etabli pwogram leson patikilye ki gen gwo enpak nan distri atravè Eta a pou fè fas ak aprantisaj elèv yo te pèdi pandan pandemi an. Gouvènè Hochul te anonse tou ke elèv lekòl segondè yo pral elijib pou jwenn kredi inivèsité pou yo gen yon longè davans sou inivèsite, diminye dèt etidyan yo, epi prepare pou karyè yo.

"Tout elèv New York yo merite aksè a yon bon jan kalite edikasyon, depi nan klas pre-kindègadenn jiska gradyasyon nan inivèsite", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè nou fè investisman istorik nan lekòl piblik yo, agrandi pwogram pre-kindègadenn ak leson patikilye inivèsèl, ak agrandi opòtinite pou jwenn kredi inivèsité nan lekòl segondè, nou ap trase yon chemen pou elèv yo bati yon avni ki meyè pou tèt yo ak pou New York".

Lis règleman ak pwogram edikasyon sa yo pral ede New York reprann sa li te pèdi pandan pandemi an epi tounen mete elèv yo sou wout pou yon avni meyè.

## **Nouvo envestisman istorik nan edikasyon publik**

Gouvènè Hochul ap akonpli angajman li pou l finanse totalman Foundation Aid, fòmil èd pou fonksyònman edikasyon primè Eta a, ki asiyen fon Eta a bay distri lekòl yo dapre bezwen, richès kominote a, ak diferans nan depans reyjonal yo. Li ap envesti yon lòt 2.7 milya dola, yon ogmantasyon 13 pousan, nan yon kantite total èd ki depase 24 milya dola, ki konsantre sou elèv ki gen pi gwo bezwen yo. Sistèm edikasyon New York la pral bay pi wo nivo finansman pou chak elèv nan nenpòt eta nan nasyon an. Nivo istorik sipò finansye sa a pou lekòl publik New York yo pral gen efè sou jenerasyon k ap vini yo, elaji aksè a opòtinite epi pèmèt New York bati sistèm edikasyon lavni an.

## **Envesti nan pre-kindègadenn tout jounen**

Gouvènè Hochul ap double envestisman Eta a nan edikasyon timoun piti yon fason pou fè New York rapwoche li nan pre-kindègadenn inivèsèl toutbon. Ane sa a, li pral ajoute yon lòt 125 milyon dola pou elaji pre-kindègadenn bon jan kalite, tout jounen, sa k ap benefisyé apeprè 17,500 lòt timoun 4 ane ak fanmi yo epi ki mennen envestisman total anyèl Eta a nan pre-kindègadenn bon jan kalite nan 1.2 milya dola. Avèk finansman sa a, Eta a pral mete anplas pwogresivman anviwon 95 pousan an tèm kouvèti inivèsèl pre-kindègadenn pou timoun 4 ane.

## **Etabli pwogram lesion patikilye ki gen gwo enpak nan tout Eta a pou abòde pèt aprantisaj akòz pandemi an**

Gouvènè Hochul detèmine pou l fè elèv nou yo tounen sou wout pou yo fè fas a tan ansèyman yo te pèdi nan pandemi an. Administrasyon an pral dedye 250 milyon dola nan ogmantasyon istorik Foundation Aid la pou etabli pwogram lesion patikilye ki gen gwo enpak nan distri atravè eta a. Pwogram yo pral etabli pa distri lekòl yo, swa entèn oswa an patenarya avèk founisè ekstèn, epi konsantre sou ede elèv yo nan lekti ak matematik nan klas 3yèm-8yèm ane.

Efè pandemi an sou aprantisaj elèv yo te patikilyèman grav nan New York. Dapre Evelyasyon Nasyonal Pwogrè Edikatif (National Assessment of Educational Progress, NAEP) la, pousantaj elèv katriyèm ane nan New York ki fè pèfòmans nan nivo konpetans debaz oswa pi wo te bese 10 pwen pousantaj nan matematik (soti nan 76 pousan a 66 pousan) ak 8 pwen pousantaj nan lekti (soti nan 66 pousan a 58 pousan), yon pi gwo bès pase mwayèn nasyonal la.

"Lesion patikilye ki gen gwo enpak" se youn nan entèvansyon yo montre ki toujou efikas nan ede elèv yo retounen sou wout yo epi ogmante siksè akademik yo. Chak elèv yo sèvi pral resevwa plis tan ansèyman ki adapte a bezwen endivididyèl yo. Pwogram efikas yo pral gen ladan plizyè sesyon pa semèn epi yo pral lakòz relasyon ki gen sans ant gid lesion patikilye ak elèv yo. Yon meta-analiz etid yo te jwenn ke, an mwayèn, lesion patikilye ogmante siksè pa ekivalan 3 a 15 mwa nan aprantisaj regilye adisyonèl.

## **Kreye pwogram pou bay elèv lekòl segondè kredi inivèsité**

Gouvènè Hochul pral envesti yon lòt 20 milyon dola pou sipòtè etablisman novo pwogram lekòl segondè ak pwogram P-TECH ki pèmèt elèv yo jwenn kredi inivèsité nan

lekòl segondè. Kou nivo inivèsite yo bay nan lekòl segondè yo pèmèt elèv yon longè davans sou inivèsite, diminye dèt etidyan yo, epi prepare yo pou karyè. Pou ankouraje kwasans pwogram sa yo atravè Eta a, nouvo finansman an pral vize distri lekòl k ap travay an kolaborasyon ak enstitisyon edikasyon siperyè ak patnè endistri yo pou enfòme konsepsyon pwogram yo. Pandan y ap kenbe yon regad sou djòb teknoloji prezan ak lavni yo—ki gen ladan plizyè dizèn milye djòb ki pral kreye nan Sant New York kòm rezulta pwojè Micron an—pwogram ki konsantre sou syans enfòmatik ak chemen jeni enfòmatik ak lojisyèl pral jwenn priyorite, menm jan ak pwogram k ap sèvi elèv ki nan distri lekòl ki gen gwo bezwen yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif |[press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418